

SANTRAL INDIANA:

Ki Asistans Finansye Pou Sèvis Piblik Ki Disponib Epi Kijan Mwen Ka Aplike?

Citizens Energy Group—founisè lokal gaz natirèl, founisè dlo ak dlo ize a — ak AES Indiana — founisè lokal elektrisite a—konprann bòdwo sèvis piblik yo ka reprezante yon difikilte finansye pou kliyan yo. Si w gen enkyetid pou w peye bòdwo w yo, gen pwogram asistans federal ak lokal ki disponib pou ede w.

Konsèy ki Itil: Pifò kondisyon kalifikasyon pou pwogram asistans yo baze sou revni kay la. Lè w konnen revni total ou pou twa mwa ki sot pase yo, sa ap ede w detèmine ki pwogram ki ka bon pou ou.

POU KÒMANSE: EAP


Pwogram federal EAP a se pi bon premye etap pou anpil rezidan k ap chèche asistans pou bòdwo sèvis piblik yo. Byenke lòt pwogram yo kapab disponib tou, yo souvan mande rezilta yon aplikasyon EAP. Aprann plis sou fason pou kòmanse avèk EAP a pi ba a.

Pwogram Asistans pou Enèji (Energy Assistance Program, EAP)

EAP se yon pwogram avantaj ponktyèl finanse pa gouvènman federal la ki ka ede chak ane ak depans sèvis piblik yo. Li kapab ede tou pou pwoteje kont dekonèksyon. Yo rele EAP a tou Pwogram Asistans pou Enèji pou Revni ki Fèb (“Low-Income Energy Assistance Program, LIHEAP”).

Aplike nan at indyeap.org

oswa jwenn lòt kote pou ou ranpli aplikasyon EAP ou an pèsòn.



Aplike pou EAP pou Evite Dekonèksyon nan Sèvis Piblik:

Sa ka pran plizyè semèn pou yo apwouve w oswa refize w pou EAP, men lè gen yon aplikasyon EAP ranpli sa pral anpeche w fè fas ak fèmti yon sèvis piblik pandan peryòd moratwa dekonèksyon ivè Indiana a, 1 Desanm 2025 - 15 Mas 2026. Ou dwe soumèt prèv soumisyon an oswa yon lèt apwobasyon bay AES Indiana pa imèl nan aesindianaep@aes.com; epi soumèt li bay Citizens Energy Group lè w kòmanse yon konvèsasyon sou citizensenergygroup.com oswa pa imèl bay customercare@citizensenergygroup.com

Citizens Energy Group pral aplike otomatikman kredi LICAP bay moun ki resevwa EAP yo. LICAP diminye bòdwo dlo ize yo ant \$6 ak \$15 chak mwa apati Jiyè, epi w ap resevwa otomatikman yon rabè 10-25% sou bòdwo gaz natirèl ou jiska mwa Me.

Dat Prensipal EAP yo:

- **1ye Oktòb 2025:** Yo aksepte aplikasyon sou entènèt ak atravè lapòs kounye a.
- **1ye Desanm 2025:** Moratwa sou fèmti sèvis piblik nan tout eta a kòmanse.
- **15 Mas 2026:** Moratwa sou fèmti sèvis piblik la fini.
- **14 Avril 2026:** Dènye jou pou soumèt yon aplikasyon.

Kantite Moun ki nan Kay la	Revni 3 Dènye Mwa Yo Dwe PI PITI Pase:
1	\$8,389
2	\$10,970
3	\$13,551
4	\$16,133
5	\$18,714
6	\$21,295

LÒT PWOGAM ASISTANS

United Way of Central Indiana's Winter Assistance Fund (WAF)

Fon Asistans pou lè a (WAF) se yon fon asistans enèji ki ede vwazen nan Konte Marion ki pa kalifye pou Pwogram Asistans Enèji federal la (EAP), resevwa asistans enèji ki nesèsè pou kenbe anviwònman lakay yo an sekirite, agreyab pou viv, epi ki an sante.



Jwenn yon sit aplikasyon toupre w nan uwci.org/waf oswa rele 2-1-1 pou w aprann plis sou ki sit lokal k ap aksepte aplikasyon yo. Peryòd pwogram Fon Asistans lè 1 an se apati 1ye janvye 2026 rive 31 me 2026. Kèlkeswa apwobasyon WAF la, ou ka toujou aplike pou pwogram yo atravè AES Indiana oubyen Citizens Energy Group.

United Way
of Central Indiana



Limit pou Kalifikasyon Revni WAF

Kantite Moun ki nan kay la	Revni Brit 3 Dènye Mwa Yo Dwe ANT :
1	\$8,060 - \$8,803.14
2	\$10,540 - \$11,896.89
3	\$13,019 - \$14,990.04
4	\$15,499 - \$18,084.39
5	\$17,979 - \$21,178.14
6	\$20,459 - \$24,271.89

Citizens Energy Group

Warm Heart Warm Home Foundation™ (WHWH) se yon òganizasyon ki pa gen objektif fè lajan ki nan Citizens Energy Group ki bay asistans finansye a kliyan ki gen difikilte pou peye bòdwo sèvis piblik yo, k ap chèche kontinye peye sèvis piblik yo, oswa pou ratrape bòdwo ki an reta yo. Pou aplike, rele Citizens nan 317-924-3311.

Kalifikasyon Revni WHWH

Kantite Moun ki nan kay la	Revni 3 Dènye Mwa Yo Dwe ANT :
1	\$8,389 - \$9,787
2	\$10,970 - \$12,798
3	\$13,551 - \$15,810
4	\$16,133 - \$18,822
5	\$18,714 - \$21,833
6	\$21,295 - \$24,844



Lòt fason Citizens ede kliyan pi byen jere bòdwo yo, genyen ladan bagay sa yo:

- **Aranjman Peman ki Fleksib:** Planifye youn pou remete bòdwo w la nòmal. Rele Citizens nan 317- 924-3311.
- **Faktirasyon Bidjetè:** Enskri pou konnen sa ou dwe chak mwa.
- **Konsèy Itil pou Konsèvasyon:** Konsève enèji ak dlo lakay ou pou ede w diminye bòdwo w. Jwenn konsèy sou citizensenergygroup.com/My-Home/Conserve-Save



AES Indiana

Power of Change, yon pwogram AES Indiana ke òganizasyon ki pa gen objektif fè lajan Dollar Energy Fund ap jere, ede kliyan ki kalifye nan kesyon revni yo, kit apwobasyon oswa refi nan EAP oswa WAF, avèk yon sibvansyon yon sèl fwa pou asistans bòdwo elektrik.

Ou dwe aplike pou EAP an premye epi ou dwe youn nan sa ki vin apre yo: Kalifye pou EAP, oswa ou gen prèv kalifikasyon nan SNAP, TANF, HIP oswa Medicaid.

AES Indiana gen plizyè zouti pou asistans peman ak fason pou ekonomize enèji ak lajan. Vizite aesindiana.com/payment-assistance pou aprann plis.



- **Pwolonjman Peman:** Plan 3-, 6- mwa disponib.
- **Faktirasyon Bidjetè:** Ekilibre monte ak desann pandan sezon yo.
- **Dat Delè pou Bòdwo Regilye:** Chwazi yon dat limit ki bon pou ou.
- **Pwogram Efikasite Enèji:** Pran yon randevou pou evalyasyon enèji gratis ou a, swa sou entènèt oswa lakay ou, lè w eskane kòd QR la oswa lè w vizite aesindiana.com/your-home

